



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN OKAZYON TWAZYÈM ANIVÈSÈ AKSIDAN LIMOUZIN SCHOHARIE A,
GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN GWROUP TRAVAY POU
SEKIRITE PASAJE LIMOUZIN LAN**

Li mande Gwoup Travay la pou konvoke yon delè rapid pou yon etid konplè ki pral egzamine pwoblèm k ap enfliyanse sekirite, sifizans, efikasite ak fyabilite transpò nan limouzin long

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse li nonmen kat nouvo manm nan Gwoup Travay pou Sekirite Pasaje Limouzin Long (Stretch Limousine Passenger Safety Task Force) lan epi li te mande gwoup travay la pou konvoke ak mete yo dakò imedyatman sou yon delè pou fini etid konplè li a nan mezi sekirite yo. Kat manm ki fèk nonmen yo rejwenn twa manm yo ki te deja deziyen, sa ki pèmèt fòs travay la kòmanse etid la ki pral prezante bay Gouvènè a ak ajans Eta ki sipèvize sèvis limouzin yo nan Eta New York. Rekòmandasyon pou plas ki rete yo nan gwoup travay la yo tout ap sibi verifikasyon. Etid gwoup travay la pral egzamine pwoblèm k ap enfliyanse sekirite, sifizans, efikasite ak fyabilite transpò nan limouzin long.

"Kòm n ap make twazyèm anivèsè aksidan trajik la, nou dwe onore memwa moun sa yo nan reyalize obligasyon nou pou revize chak apèsè inik nan transpò Limouzin ak ede anpeche yon trajedi konsa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak tout rekòmandasyon pou gwoup travay la kounye a, mwen ap mande gwoup travay la pou konvoke san pèdi tan epi angaje li nan respekte yon delè pou fè ak soumèt revizyon li a sou mezi sekirite yo, pou nou ka pi byen pwoteje chak pasaje yo ak lòt moun ki pataje wout la."

Nouvo manm yo enkli Joan McDonald, Direktè Operasyon Konte Westchester, ak Matthew J. Driscoll, Direktè Egzekitif nan Otorite Twotwa Eta New York (New York State Thruway Authority), Gouvènè a chwazi epi nonmen yo; ak David J. Brown, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Premiere Transportation, ak Edward Stoppelman, Ko-pwopriyetè Red Oak Transportation, Gouvènè a nonmen li sou rekòmandasyon Prezidan Asanble a jan lalwa egzije sa.

Nouvo manm yo rejwenn komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la avèk Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ak Sipè-entandan Polis Eta a, tout moun sa yo te deja deziyen kòm manm nan gwoup travay la dapre lalwa.

Sena a deja soumèt rekòmandasyon pa yo pou nominasyon pou gwoup travay la epi sa yo deja ap sibi revizyon.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)